



Pou Piblikasyon Imedya: 16/09/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ETA NEW YORK KOUNYE A AP AKSEPTÉ
APLIKASYON POU PLIS PASE 3 MILYA DOLA NAN FINANMAN FEDERAL KI
DISPONIB POU RANFÒSE REZILYANS AK DIMINYE ENPAK CHANJMAN
KLIMATIK YO**

*Nivo rekò nan kad finansman federal ki disponib pou Eta yo ane sa a atravè
pwogram sibvansyon FEMA pou Konstwi Kominote ak Enfrastrikti ki Rezistan yo
ak pwogram sibvansyon Asistans pou Diminisyon Inondasyon*

*Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans Eta a pral travay ak Gouvènman Lokal ki
enterese yo ak òganizasyon san bi likratif ki elijib yo pou aplike pou finansman
diminisyon danje ki fèk disponib*

*Ankouraje Nouyòkè yo pou evalye preparasyon pèsònèl pandan Mwa
Preparasyon Nasyonal la an septanm lan*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke ajans eta yo, konte yo, vil yo, ti vil yo, vilaj yo ak gouvènman tribi yo atravè Eta New York kapab kounye a aplike pou nouvo finansman pou sipòte inisyativ ki fèt pou ranfòse rezistans ak diminye efè chanjman klimatik yo, ki gen ladan menas inondasyon rapid yo, ensandi forè yo ak siklòn yo. Ane sa a, FEMA (Federal Emergency Management Agency, FEMA) pral fè jiska 2.295 milya dola disponib pou eta yo atravè pwogram sibvansyon Konstwi Kominote ak Enfrastrikti ki Rezistan (Building Resilient Infrastructure and Communities, BRIC) ak jiska 800 milyon dola atravè pwogram sibvansyon Asistans pou Diminisyon Inondasyon (Flood Mitigation Assistance, FMA). Pandan septanm nan make Mwa Preparasyon Nasyonal la, Gouvènè Hochul te ankouraje Nouyòkè yo pou yo evalye pwòp preparasyon pèsònèl yo pou yo ka rete an sekirite anvan, pandan ak apre yon katastwòf.

"Nou deja wè enpak devastatè chanjman klimatik yo ak move tan ekstrèm twò souvan nan Eta New York, epi kòm repons nou ap prepare pou lavni", **Gouvènè Hochul te deklare**. Gouvènè Hochul te di. "Administrasyon mwen an pral kontinye investi nan mezi rezistans atravè eta a pou asire enfrastrikti nou an ka kenbe tèt ak pwochen sa yo rele tanpèt san ane a, epi mwen ankouraje tout patnè gouvènman lokal nou yo pou aplike pou finansman enpòtan sa a."

Pwogram finansman Konstwi Kominote ak Enfrastrikti ki Rezistan (BRIC) ak pwogram Asistans pou Diminisyon Inondasyon (FMA) yo se sibvansyon diminisyon konpetitif nan nivo nasyonal ki bay priyorite pwojè ki ankouraje rediksyon risk natirèl nan enfrastrikti piblik ak kominote ki defavorize yo, ansanm ak solisyon ki travay pou amelyore rezistans klimatik ak diminye emisyon kabòn.

Finansman Konstwi Kominote ak Enfrastrikti ki Rezistan (BRIC) ka itilize pou:

- Aktivite Ranfòsman Abilite ak Kapasite (Capability and capacity building, C&CB).
- Pwojè Diminisyon
- Depans pou jesyon

Yo ka itilize finansman Asistans pou Diminisyon Inondasyon (FMA) pou pwojè ki diminye oswa elimine risk pou domaj inondasyon repete nan bilding ki asire pa [Pwogram Nasyonal Asirans Kont Inondasyon](#) (National Flood Insurance Program, NFIP) an ki gen ladan:

- Pòte Pwojè a
- Asistans teknik
- Pwojè Diminisyon Inondasyon Kominotè
- Pwojè Diminisyon Inondasyon Endividyè nan Nivo Estrikti/Pwopriyete
- Depans pou Jesyon

Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans lan, Jackie Bray, te deklare, "Tan yè a p ap janm tan demen an ankò. Gouvènè Hochul ap mennen batay kont chanjman klimatik la isit la nan Eta New York epi nou fyè pou n travay nan tèt kole ak kominote lokal yo pou amelyore rezistans nou, pwoteje enfrastrikti nou yo epi kenbe Nouyòkè yo an sekirite kont enpak devastatè move tan yo."

Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES) Eta pral revize aplikasyon yo ki soti nan men sou-aplikan ki elijib yo epi ede ak nenpòt kesyon sou pwosesis la. DHSES te pwograme yon seri webinè enfòmasyon sou pwogram BRIC ak FMA yo pou sou-aplikan yo:

- 2 p.m. pou 3 p.m. madi 20 septanm
- 10 a.m. pou 11 a.m. mèkredi 28 septanm
- 11 a.m. pou midi, madi 4 oktòb
- 3 p.m. pou 4 p.m., mèkredi 12 oktòb
- Midi pou 1 p.m., madi 18 oktòb

Vizite dhses.ny.gov/recovery pou enskri oswa kontakte Biwo Diminisyon Danje DHSES la nan HazardMitigation@dhses.ny.gov pou plis enfòmasyon. Aplikasyon yo ka enskri tou pou [webinè FEMA](#) pou aprann plis.

DHSES ap mande pou yo soumèt aplikasyon yo anvan mèkredi 9 novanm 2022.

Gouvènè Hochul ak Komisè Bray te anonse tou dènyèman retou kou fòmasyon Kòporasyon Preparasyon Sitwayen Eta New York (New York State Citizen Preparedness Corps) yo, ki ankouraje preparasyon pèsonèl epi bay Nouyòkè yo ak enfòmasyon ak zouti ki nesèsè pou prepare ak planifye pou nenpòt katastwòf ki ka afekte Eta New York.

Nouyòkè yo ka jwenn [orè fòmasyon aktyèl la epi enskri pou kou yo sou entènèt](#) oswa mande yon fòmasyon nan zòn pa yo lè w voye yon imèl bay: NY.Prepare@dhses.ny.gov.

Konsèy Preparasyon

- Enskri pou jwenn alèt ijans nan zòn ou an lè w enskri nan [NY-Alert](#), yon sèvis gratis ki bay enfòmasyon enpòtan pou ijans pa imel, apèl telefòn oswa mesaj tèks.
- Aprann wout ki pi rapid apati lakay ou oswa biznis ou pou rive nan yon zòn ki an sekirite, sizoka ou dwe kite nan prese.
- Devlope epi pratike yon plan "evakyasyon fanmi" epi idantifye yon espas rankont si manm fanmi an vin separe.
- Fè yon lis detaye tout bagay ki gen valè pou ou tankou mèb, rad ak lòt objè pèsonèl. Kenbe lis la yon kote ki gen sekirite.
- Fè rezèv estòk ijans manje nan bwat, medikaman ak atik premye swen epi dlo potab. Sere dlo potab nan veso pwòp ki byen fèmen.
- Planifye sa w ap fè ak bèt ou gen nan kay la pandan yon ijans.
- Kenbe machin ou ak gaz oswa chaj. Si kouran elektrik la koupe, estasyon gazolin ka p ap ka bay gaz pandan plizyè jou. Kenbe yon ti pwovizyon nan kòf machin ou sizoka ta gen katastwòf.

Prepare yon kit ijans ak bagay sa yo:

- Flach ak pil siplemantè
- Radyo ki fonksyone ak batri ak batri ekstra yo
- Twous premye swen ak manyèl
- Manje ak dlo pou ijans
- Kle ki pa elektrik pou ouvri kanèt yo
- Yon rezèv medikaman esansyèl ki ka dire sèt (7) a dis (10) jou
- Chekye, lajan kach, kat kredi, elatriye.

Senatè Chuck Schumer te deklare, "New York nan premye liy enpak chanjman klimatik yo, soti nan ogmante inondasyon rive nan ensandi nan forè rive nan move tan, epi nou bezwen envesti nan enfrastrikti ki pi rezistan kounye a pou fanmi yo pa bezwen viv nan pèrèa konsènan sa pwochen tanpèt la ka pote. Se poutèt sa mwen fyè pou m delivre investisman federal 3 milya dola sa a, an pati ki finanse pa Lwa sou Enfrastrikti ak Travay Bilateral la, pou ede kominote nou yo rebati pi fò epi kenbe moun yo an sekirite kont katastwòf yo. Finansman sa a se kout men ke kominote ki pi vilnerab nou

yo bezwen pou inogire pwojè ke yo t ap tann depi lontan ki pral sove anpil lavi epi pwoteje kay ak biznis yo."

Reprezantan Grace Meng te deklare, "Ane pase a, rès siklòn Ida yo te devaste distri kongrè mwen an nan Queens, e sa gen kèk jou, anpil elektè yo te fè fas ak inondasyon ankò akòz gwo chit lapli. Pandan n ap fè fas ak enpak chanjman klimatik yo, menas plis inondasyon yo pral kontinye, Se poutèt sa nou bezwen aksyon imedyat pou adrese pwoblèm nan, espesyalman pou amelyore egou ak basen kap demode nan minisipalite nou an pou kominote nou yo kapab byen pwoteje kont tanpèt fiti yo."

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418